Qabul qilindi: 01.05.2025 Chop etildi: 30.06.2025 UDK: 821.51

# KÓRKEM SHEBERLIKTIŃ ILIMIY-TEORIYALÍQ TIYKARLARÍ

*Sarsenbaev Konisbay Jaksilik uli,*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)*



# BADIIY MAHORATNING ILMIY-NAZARIY ASOSLARI

*Sarsenbayev Konisbay Jaksilik uli,*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti, filologiya fanlari bo'yicha falsafa doktori (PhD)*

*el.pochta: q.sarsenbaev@mail.ru*

*0009-0002-1858-0616*

# НАУЧНО-ТЕОРЕТИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ХУДОЖЕСТВЕННОГО МАСТЕРСТВА

*Сарсенбаев Конисбай Жаксиликович,*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза, доктор философии в филологии (PhD)*

# SCIENTIFIC-THEORETICAL BASIS OF ARTISTIC SKILL

*Sarsenbaev Konisbay Jaksilik uli,*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz, doctor of Philosophy in Philology (PhD)*

***Annotaciya:*** *Maqalada ádebiyattanıw ilimindegi kórkem sheberlik máselesi keń túrde úyrenilgen bolıp, onıń ilimiy-teoriyalıq tiykarları analizlengen. Jazıwshı T.Qayıpbergenov povestleri mısalında sheberliktiń tiykarǵı belgileri ashıp kórsetilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *Ádebiyat, povest, jazıwshı, kórkem detal, estetika.*

***Annotatsiya:*** *Maqolada adabiyotshunoslik ilmidagi badiiy mahorat masalasi keng tarzda o'rganilgan bo'lib, uning ilmiy-nazariy asoslari tahlil qilingan. Yozuvchi T.Qayipberganov qissalari misolida mahoratning asosiy belgilari ochib ko'rsatilgan.*

***Tayanch so'zlar:*** *Adabiyot, qissa, yozuvchi, badiiy detal, estetika.*

***Abstract:*** *The article comprehensively studies the issue of artistic skill in literary criticism, analyzes its scientific and theoretical foundations. The main signs of skill are revealed using the example of the stories of the writer T. Kayipberganov.*

***Keywords:*** *Literature, story, writer, artistic detail, aesthetics.*

***Аннотация:*** *В статье комплексно исследуется проблема художественного мастерства в литературной критике, анализируются его научно-теоретические основы. На примере рассказов писателя Т.Кайыпберганова раскрываются основные признаки мастерства.*

***Ключевые слова:*** *Литература, рассказ, писатель, художественная деталь, эстетика.*

**Kirisiw.** Hár qanday jazıwshınıń kórkem shıǵarmalarında waqıyalardıń kópshiligi, derlik, turmıstan alıp súwretlenedi. Jazıwshı turmıslıq hádiyselerdi qanshelli kórkemlep súwretlese, shıǵarmada sáwlelengen waqıyalardıń jámiyet ushın tásiri, shıǵarmanıń estetikalıq tásirsheńligi artadı. Kórkemligi kúshli shıǵarma óziniń ideyalıq-emocionallıq tásirsheńligi menen kitap oqıwshısına estetikalıq zawıq baǵıshlaydı.

**Izertlew metodologiyası.** "Kórkemlik dep, shıǵarmalardı ádebiyattıń talant ústinligi hám ózgesheligi (specifikası), dástúr hám jańashıllıq,

TAMADDUN NURI

sheberlik hám tásirsheńlik mashqalaların óz ishine alǵan halda bahalaw usılına aytıladı"[7.157]. Demek, hár qanday kórkem shıǵarmanıń dóretiwshisi talantlı, gózzal sezimlerge iye, oylap tabıwshı, ushqır qıyallı, parasatlı bolıwı tiyis. Bul ushın, álbette, jazıwshıdan sheberlik talap etiledi. Ózbek jazıwshısı A.Qahhardıń aytqanınday: "kórkem sheberlik shıraylı ibaralar, shıraylı súwretler, ózgeshe waqıyalar, kúshli yaki qayǵılı jaǵdaylardı tabıw emes, xalıqqa aytatuǵın zárúr sózlerdi kitap oqıwshısınıń qálbine alıp kiretuǵın obrazlar jaratıw bolıp tabıladı"[3.411].

**Talqılaw hám nátiyjeler**. Turmıstaǵı qandayda bir jańa hádiyse jazıwshınıń itibarın ózine qaratadı. Ol jazıwshını ilhamlandırıwı yamasa túskinlikke túsiriwi múmkin. Túskinlikke túsiwiniń sebebi, jańa hádiyse jazıwshıdan ańlap jetiw hám bahalawdı talap etip turadı. Bul mashqalanıń baslanıwı ne, qalay rawajlandı hám sheshimi qanday? Keltirilgen sorawlar jazıwshı talantına tınıshlıq bermeydi hám jańa shıǵarmanıń payda bolıwına túrtki boladı. Tilekke qarsı, qolına qálem alǵannıń bárshesi de talantlı jazıwshı esaplanbaydı. Dóretiwshiliktiń ózi kóriw, ańlaw, seziw hám yadta saqlap qalıwdan baslanadı. Demek, jazıwshı talantlı, sheber bolsa, onıń dóretken shıǵarması hárbir dáwir ushın da bahalı boladı.

"Sheberlik – úlken turmıs shınlıǵın sáwlelendirip bere biliw óneri. Joqarı sheberlik qaharmannıń ishki dúnyasın bir qansha sezgirlik penen hár tárepleme súwretlew imkanın beredi"[2.141]. Kórkem shıǵarma dóretiwde jazıwshıdan turmıs shınlıǵın durıs ańlap jetiw zárúrligi tuwadı. Waqıyalardıń mazmunın ashıp beriwde hám shıǵarma qaharmanlarınıń táǵdirin obrazlı sáwlelendiriwde, olardıń ishki dúnyası menen qálbindegi keshirmelerdi oy eleginen ótkerip, jetkerip beriwde, álbette, jazıwshıdan tereń bilim, ótkir zeyin, erkin pikirlew qábileti, hárbir sózden kórkem hám utımlı paydalanıw sheberligi talap etiledi.

Hárbir kórkem sóz dóretiwshisinde tereń turmıslıq tájiriybe, qálegen adamdı qızıqtıra alatuǵın oy-pikirler, sezim-tuyǵılar, aǵla paziyletler qálipleskende ǵana ájayıp shıǵarmalar dóretiledi. Jazıwshı xalıqtıń turmıs-tárizin, insan táǵdirin óziniń ishki kewil keshirmeleri arqalı oy eleginen ótkerip súwretley alǵanda ǵana dóretken shıǵarmasınıń kórkem, tereń mazmunlı, eń jaqsı ideyalar menen suwǵarılǵan tásirli dóretpe bolıwına erise aladı. Sebebi, kórkemliktiń tiykarǵı shártleriniń biri bul – qaharmanlardıń ishki ruwxıy dúnyasın tereń ashıp kórsete biliw bolıp, ol kitap oqıwshısı qálbine jańadan jańa, bir-birin tákirarlamaytuǵın obrazlar jaratıw menen bir qatarda estetikalıq zawıq baǵıshlawı tiyis.

Jazıwshılardıń sheberligi aytpaqshı bolǵan pikir, súwretlenip atırǵan predmet hám ruwxıy jaǵdaydı eń anıq hám eń jarqın sáwlelendire alatuǵın, sóz hám sóz dizbeklerin taba biliwinde kórinedi. Jazıwshınıń qıyalında ájayıp sezimler kórinip turǵanı menen, olar kitap oqıwshılarınıń kewline jetip baratuǵın tartımlı hám kórkem qatarlar menen súwretlenbese, jazıwshınıń tili kórkem bolmasa, hár qanday dóretpe qızıqlı oqılmaydı. Yaǵnıy, forma hám mazmun birligi saqlanıwı kerek boladı.

Kórkemliktiń eń áhmiyetli belgisi – haqıyqatgóylik esaplanadı. Sebebi, jazıwshı turmıstı shın mánisinde real súwretley alǵanda ǵana shıǵarmanıń kórkemligi artıp baradı. Kórkemlik hár qanday shıǵarmada obrazlılıq penen de tıǵız baylanıslı boladı.

Jáhán ádebiyatında jeke jazıwshınıń sheberligin úyreniw erteden baslanǵan. M.Soyfer óziniń miynetinde M.Sholoxovtıń sheberligin izertley otırıp: "avtor shıǵarmaları ápiwayılıq penen jazılǵan. Onıń sheberligi waqıyalardıń ayqın kóriniwi – qaharmannıń táwbege keliwi, qaharmannıń táshwishleri hám oyların eń maydalarına shekem ashıp beriwine imkaniyat bere alıwında"[6.307], – dep kórsetedi. Haqıyqatında da, avtordıń shıǵarmalarınıń forması qaharmannıń jan dúnyasına tereń kirip barıw imkaniyatın beredi.

Ózbek ádebiyatında M.Qóshjanov Aybektiń sheberligin úyrene otırıp: "Jazıwshı óziniń dóretiwshilik dástúrine urıs jıllarında da ámel qıladı. Ol urıstıń birdey bolıp súwretleniw formasınan qashıp, kóbinese konkret xarakterler, urıstıń aqıbetinde insanlardıń sanasında hám psixologiyasında júz berip atırǵan áhmiyetli faktorlar menen qızıqtı"[4.223]. Insannıń ishki ruwxıy dúnyasın, ómirdegi janlı kórinislerdi sáwlelendiriw barısında jazıwshı turmısımızdaǵı hárbir detaldı mayda-shúydesine shekem úyreniwi, eń kishi bóleklerine shekem itibardan shette qaldırmawı tiyis. Óytkeni, eń kishkene detallardıń járdeminde de jámiyetlik turmısımızda áhmiyetli bolǵan úlken ideyalar hám mashqalalar sóz etilip, kórkem sáwlelenedi.



TAMADDUN NURI

“Materialdı úyreniw barısında eń mayda nárselerge (detallarǵa) de áhmiyet beremen, – dep jazadı Abdulla Qadiriy. Men úyrenbekshi bolǵan jerde neshe terek bar ekenligi, olardıń qanshası eski hám qanshası jańalıǵı, men barǵan máhállede sol tereklerde qanday quslar qaysı túrde qonıp turǵanlıǵı hám soǵan uqsas júdá mayda nárselerge shekem dıqqat awdaraman. Bılayınsha qaraǵanda, bul nárseler hesh áhmiyetke iye emestey kóringeni menen, keyin ala paydası tiyip qalıwı múmkin”[1.211]. Rasında da, kórkem shıǵarma dóretiwde tábiyattaǵı hárbir nárse, detal, hárbir elespesiz hádiyse jazıwshınıń dıqqat itibarında turadı. Bul arqalı, avtor óz shıǵarmasın dóretiwde obrazlı oylawǵa, turmıs hádiyselerin kórkem túrde detallastırıp súwretlewge erisedi.

Talantlı jazıwshı turmıstı baqlap, ómirden túygenlerin oy eleginen ótkerip, tınımsız izleniwi nátiyjesinde ǵana kórkem sheberlikke erisedi. Sebebi, hár qanday kórkem shıǵarmada jazıwshınıń niyeti, onıń ómirge degen múnásibeti, kózqarasları da kózge taslanıp turadı.

Kórkem ádebiyatta da, mine, usınday sheberlikke umtılıwshań insanlardı ushıratsaq boladı. Bunday dóretiwshiler tárepinen jaratılǵan ádebiy miyraslar hesh qashan óz qunın joǵaltpaydı. Al, dóretilgen shıǵarmaları kitap oqıwshınıń qálbinen tereń orın alalmasa, bunday shıǵarmalar tez arada umıtılıp dıqqat-itibardan qaladı.

T.Qayıpbergenovtıń shıǵarmalarındaǵı, povestlerindegi olardıń qaharmanları tikkeliy miynetkeshligi menen kózge túsedi. Jazıwshı ápiwayı miynet adamlarınıń psixologiyasındaǵı óz kásibiniń ullılıǵın ańlap onnan ráhátleniw, jumısınan lázzetleniw sıyaqlı sezimlerdi povestleriniń waqıyalarına sheberlik penen engizip súwretleydi. Ol jaratqan hárbir qaharman óz kásibinen hasla nalınbastan miynet etedi. Mısalı: Atamurat – sekretar, Meńlimurat – muǵallim, Kamal – etikshi, Gúlzar – miyirbiyke, Perixan – shopan. Atı atalǵan kásiplerdiń bárshesiniń de mashaqatlı tárepleri bar. Biraq, hesh bir qaharman óz kásibinen nalıǵan emes. Jazıwshı eń aldı menen ómir mashqalalarına sheshim izlewde, turmıslıq waqıyalardı rawajlandırıwda shıǵarmanıń bas qaharmanları xarakterleriniń dinamikasın kórsetiw menen birge alıp baradı. Povestleriniń waqıyaları tereń logikalıq kúshke hám pútinlikke iye. Kitap oqıwshıları povesttiń baslanıwınan-aq, qaharmanlar menen ómir súriwdi baslap jiberedi.

Kópshilik jaǵdaylarda jaqın ótmishtegi haqıyqıy waqıyalar kórkem shıǵarmada óz sáwlesin tabadı. Bul jaǵday da waqıyanı aytıp beriwshiniń individual manerasına, onıń sociallıq kelip shıǵıwına, milliy mentalitetine baylanıslı kórkemlew formasına iye boladı. Kópshilik jaǵdaylarda kórkem shıǵarma belgili bir manerada, shıǵarmanıń avtorı yamasa gúrrińshi atınan kórkem sózleri menen aytılatuǵın bayanlaw formasında jazıladı.

T.Qayıpbergenov rus hám jáhán klassikalıq ádebiyatınıń ullı sóz sheberlerinen úyrenip, tradiciyalıq forma hám tásillerdi qabıl etip, onı jańa obrazlar, xarakterli reńler, ózine tán avtordıń tuwrı gápleri menen bayıttı.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, jazıwshı povestlerinde ullı sóz sheberleriniń tradiciyaları, qaraqalpaq xalqınıń milliy sanası hám oylaw principleri, qaharman xarakteri hám jeke stiline tán bolǵan novatorlıq kózge taslanadı. Onıń hárbir shıǵarmasında elimizdiń qaytalanbas tábiyatınıń janlı súwretlengenligin, qaharmannıń tilinde, oylawında, frazalardı jaratıwında, portret detallardan paydalanıwda ózine tán sheberligin aytpay ketiw hasla múmkin emes. Povest janrı specifikası syujet hám kompoziciya dúziwde, obraz hám xarakter jaratıwda, avtordıń tuwra sózinde, aytıwshınıń tilinde, kórkemlik detallarında óz sáwleleniwin tapqan desek boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Абдулла Қодирий. Кичик асарлар. – Т.: Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1969. – Б. 211.
2. Константин Федин. Маҳорат ҳақида (С.Анорбоев таржимаси)// Бадиий ижод ҳақида. – Т.: ЎзССР давлат бадиий адабиёт нашриёти, 1960. – Б. 141.
3. Қаҳҳор А. Асарлар. Олти томлик. 6 том. – Т.: Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1971. – Б. 411.
4. Қўшжанов М. Ойбек маҳорати. – Т.: Бадиий адабиёт нашриёти, 1965. – Б. 223.
5. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. – Нөкис: Билим, 1995. – Б. 9.
6. Сойфер М. Мастерство Шолохова. – Т.: Литература и искусство имени Гафура Гуляма, 1976. – Б. 307
7. Худайбердиев Э. Адабиётшунос-ликка кириш. –Тошкент: Шарқ, 2008. – Б. 157.